



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-418

Sijè: AVI KONSÈNAN AGRESÈ SEKSYÈL

Kategori: ELÈV

Pibliye: 5 out 2008

### REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-418 ki gen dat 11 septanm 2006.

Chanjman:

- Li mete règleman ajou pou reflete fason Depatman edikasyon òganize nan moman sa a.
- Li bay sitwèb pou download lèt senp an Anglè ak lòt vèsyon tradui.
- Yo mete non biwo ak moun pou kontakte yo ajou.



## Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-418

Sijè: AVI KONSÈNAN AGRESÈ SEKSYÈL

Kategori: ELÈV

Pibliye: 5 out 2008

### REZIME

Règleman sa a modife ak ranplase Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation (CR) A-418* ki gen dat 11 avril 2006. Li adrese pwosedi pou pataje enfòmasyon konsènan agresè seksyèl yo kondane avèk lekòl ak paran, ankonfòmite ak lalwa sou anrejistreman agresè seksyèl nan Nouyòk.

#### I. RAPEL SEKIRITE

- A. Tout direktè ak tout estaf anseyan dwe pran mezi pou raple elèv ak paran kèk konsèy sekirite sou entèakson avèk etranje, ki genyen ladan, men pa sèlman sou sa yo:
  - Elèv yo pa ta dwe janm ale lakay yo avèk moun yo pa konnen.
  - Elèv yo pa dwe janm nan pale avèk moun enkoni.
  - Elèv yo pa dwe pran bagay nan men etranje.
  - Si moun enkoni vin apwoche elèv yo epi yo toujou bò kote lekòl la, yo dwe ankouraje elèv yo pou retounen lekòl la epienfòme imedyatman yon estaf .
  - Yo dwe akonpaye jèn elèv yo pou ale ak soti lekòl.
  - Yo ta dwe ankouraje elèv ki pi gran yo pou mache/ale lekòl an gwoup lè sa posib.
- B. Nan kòmansman ane lekòl la, yo mande direktè yo pou enfòme paran sou divès mwayen pou jwenn enfòmasyon sou agresè seksyèl ki enskri ak kòman pou ka jwenn lis tankou:

1. Sèvis Jistics Kriminèl ki nan (New York State Division of Criminal Justice Services) ou ka rele nan telefòn nan nan telefòn nan 1-800-262-3257 ak sou entènèt nan [http://www.criminaljustice.ny.gov/SomsSUBDirectory/search\\_index.jsp](http://www.criminaljustice.ny.gov/SomsSUBDirectory/search_index.jsp). atravè sitwèb Depatman Edikasyon New York State nan The New York State Division of Criminal Justice Services, <https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations> atravè paj akèy Office of School and Youth Development.
2. Yo kenbe anyè agresè seksyèl ki anrejistre kòm nivo 3 nan NYPD, # 1 Police Plaza, Sal 110C, New York, NY 10038.
3. Lekòl la plase I nan yon dosye yo mete nan yon kote espesyal ak nan biwo Paran Kowòdonatè a.
4. Yo atache yon modèl lèt enfòmasyon pou paran (Atachman No.1). Ou ka jwenn lèt sa a, ansanm avèk, vèsyon tradui yo nan:  
<https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations>

## II. ENFÒMASYON DEBAZ

- A. Dapre lalwa Nouyòk sou anrejistreman agresè seksyèl, yo mande tout agresè seksyèl yo kondane pou anrejistre avèk Sèvis Jistics Kriminèl, yon Divizyon Eta Nouyòk (New York State Division of Criminal Justice Services) pou 10 oswa plis ane aprè agresè a te komèt krim la. Yo otorize Law enforcement lokal yo pou avize kominote ki gen "popilasyon vilnerab" tankou lekòl, ke yon agresè ki gen repitasyon ak risk pou yon ofans repete nan yon zòn pwòch. Lalwa otorize tout sa ki resevwa enfòmasyon sa yo pou distribye I ak epapiye I.
- B. Resi Avi ki soti nan Depatman Polis Vil Nouyòk  
Kòmandè borough NYPD a oswa reprezantan I nan chak borough kote yo ap patwouye.

Yo otorize Vil Nouyòk pou anonse distri lekòl yo enfòmasyon konsènan agresè seksyèl yo prezante swa tankou modere swa ak gwo risk pou repete vyolasyon ke yo mande pou anrejistre avèk Sèvis Jistics Kriminèl, New York State (Division of Criminal Justice Services). Kòmandan/reprezantan borough a pral bay anons la pou Direktè Sekirite Borough a (Borough Safety Director) nan Office of Safety and Youth Development, Pwogram D75 nan tout vil la, (Pwogram ak Akademi Alternatif), D79 Alternative Academies and Programs, ak Field Support Center Deputy Director for Student Services nan borough kote agresè seksyèl la rete.

- C. Kontni anons NYPD
- D. "Anons" NYPD a ka genyen ladan li pamì lòt bagay, tout lis enfòmasyon sa yo: kòd postal la kote agresè a al abite a,<sup>1</sup> non agresè seksyèl la ki anrejistre a , yon deskripsyon krim agresè seksyèl la te komèt la, nenpòt kondisyon yo te mete devan agresè seksyèl pou li jwenn pawòl, ak yon kopi foto agresè seksyèl anrejistre a, ki kapab repwodui nan yon machin fotokopi.

NYPD fè Depatman an konnen ke li p ap mete deyò okenn lòt enfòmasyon konsènan agresè seksyèl pi lwen pase sa anons la genyen ladan I ke yo kominike avèk otorite lekòl yo.

Tout enfòmasyon ke NYPD bay Depatman an se enfòmasyon piblik.

### **III. AKSYON ADMINISTRATÈ SEKIRITE A DWE PRAN LÈ YO JWENN ANONS LA**

- A. Direktè Sekirite Borough a (Borough Safety Director) nan Office of Safety and Youth Development dwe kreye yon dosye ofisyèl kote I ap mete kontni tout anons ke yo resevwa nan men kòmandan oswa reprezantan NYPD an.
- B. Direktè Sekirite Borough a (Borough Safety Director) nan Office of Safety and Youth Development dwe bay yon kopi Anons la bay tout lekòl, ki genyen ladan sikisal ak Distri 75, Distri 79 ak tou Deputy Director of Student Services nan Field Support Center, ki lokalize fizikman nan anndan distri ki kouvri kòd postal kote agresè seksyèl la rete a.
- C. Direktè Sekirite a (Borough Safety Director) nan Office of Safety and Youth Development dwe konseye Direktè Field Support Center pou sipòte distri yo nan mande yon endividè ki vini abite nan distri yo pou enskri avèk Sèvis Jistis Kriminèl (New York State's Division of Criminal Justice Services) dapre pwovizyon Lalwa Anrejistrem Agresè Seksyèl.

### **IV. AKSYON DIREKTÈ A DWE PRAN LÈ YO JWENN ANONS LA**

- A. Direktè a oswa reprezantan I dwe kreye yon dosye lekòl ofisyèl pou mete kontni tout anons yo. Yo dwe mete dosye sa a yon fason nan yon lokasyon ki aksesib pou estaf ak paran.

---

Yo p ap bay adrès kay egzat agresè seksyèl anrejistre a.<sup>1</sup>

- B. Si direktè a resevwa yon anons dirèkteman ki soti nan NYPD oswa nenpòt lòt sous, direktè a dwe avize Direktè Sekirite borough a nan Office of Safety and Youth Development epi bay Direktè Sekirite borough an nan Office of Safety and Youth Development yon kopi Anons la.
- C. Direktè a dwe avize estaf lekòl apwopriye a, ki genyen ladan sipèvizè sekirite lekòl la, kòwodonatè paran, ak gadyen resi Anons la ki pral enfòme estaf la ke yo dwe familyarize yo avèk kontni Anons la, foto agresè seksyèl anrejistre a si li twouve I nan Anons la. Yo dwe bay kopi Anons yo, ominimòm, bay sipèvizè sekirite lekòl la, kowòdonatè paran, estaf ki sipèvize aktivite sou lakou (tankou rekreyasyon oswa edikasyon fizik) ak gadyen an.<sup>2</sup>
- D. Direktè a dwe avize estaf la ke si yo wè yon agresè seksyèl ki nan yon Anons angaje nan yon konpòtman sisplèk, yo dwe imedyatman fè direktè a konnen pou li ka rele 911 oswa nan ka ijans, manm estaf la dwe rele 911 dirèkteman epi ansuit eksplike direktè an.
- E. Direktè a dwe avize direktè pwogram la oswa sipèvizè lokal nenpòt Pwogram pou tout Vil la nan Distri 75 ak/oswa Akademi Alternatives yo nan Distri 79 ak Pwogram k ap opere nan zòn lekòl yon direktè epi pataje avèk direktè pwogram/sipèvizè lokal kontni Anons la.
- F. Yo mande direktè lekòl ki lokalize nan menm kòd postal kote agresè seksyèl la abite pou enfòme tout paran yo apre 2 semèn lè yo fin resevwa Anons la epi ba yo yon kopi Anons la ki genyen ladan foto agresè seksyèl la.  
Nan règleman sa a yo atache yon modèl lèt ke yo ka itilize pou avize paran yo kòm Atachman No.2. Ou ka jwenn modèl lèt sa a ak tout vèsyon tradui yo nan:  
<https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/chancellors-regulations/volume-a-regulations>
- G. Direktè/Pwogram Direktè a dwe bay prezidan Asosyasyon Paran an oswa manm reprezantan konsèy egzekitif la tout Anons ke lekòl la resevwa nan 2 semèn lè direktè a fin gen resi Anons la.
- H. Direktè / Direktè Pwogram la ka avize lòt gwoup ki itilize lekòl la regilyeman avèk lòt timoun aprelekòl ak nan wikenn konsènan lè yo resevwa avi a.
- I. Si direktè yo resevwa enfòmasyon konsènan agresè seksyèl ki soti nan lòt sous ki pa Borough Safety Director nan biwo sekirite ak devlòpman jenès (Office of Safety and Youth Development), yo dwe avize Direktè Sekirite borough an nan biwo sa a pou detèmine si li te resevwa yon Anons pou distribye pou plis enstriksyon ak sou kòman pou yo avanse.

---

<sup>2</sup> Yo bay iminite pou responsablite civil pou tout otorite ki repòte bagay sa yo toutotan ofisyèl sa yo aji ak bòn fwa epi yo pa neglijan anpil nan aksyon yo.

**V. PWOSEDE ANPLIS AVÈK KONSÈY AK LIMIT**

- A. Kowòdonatè paran yo dwe kenbe kopi Anons yo nan fason pou paran ka jwenn yo.
- B. Yo dwe fè efò pou kontakte asosyasyon paran ak lòt kominate edikasyon nan lekòl la pou apeze tout enkyetid ke resi Anons la ta kapab genyen. Yo dwe enfòme lidè edikasyon ak paran yo ke lè yo resevwa Anons la se pa yon rezon pou alame imedyatman men pito pou fè efò pou angaje nan batay kont abi potansyèl.

**VI. DEMAND RANSÈYMAN**

- A. Yo dwe poze kesyon jiridik konsènan règleman sa a pou avoka ki sou lis pou yo rele nan biwo afè jiridik (Office of Legal Services) nan 212-374-6888.

- B. Yo dwe poze lòt kesyon konsènan règleman sa a ak:  
Biwo Sekirite ak Devlopman Lajenès

N.Y.C. Depatman Edikasyon

52 Chambers Street - Room 218

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-4368

Faks: 212-374-0842



Department of  
Education

Regleman Chanselye A-418 - Dokiman siplemantè No. 1 - Paj 1 nan 1

### **MODÈL LÈT**

Chè paran ak manm kominote P.S./I.S./J.H.S./H.S. \_\_\_\_\_ :

Byenveni nan kominote lekòl nou an! Avi sa a se pou raple w enpòtans pou pran desizyon pou kenbe pitit ou ansekirite lè li patisipe nan aktivite deyò, ki gen ladan ale ak retounen soti lekòl. Men kèk konsèy sekirite nou ta renmen w pataje avèk pitit ou:

- Elèv yo pa ta dwe janm ale lakay yo avèk moun yo pa konnen.
- Elèv yo pa dwe janm nan pale avèk moun enkoni.
- Elèv yo pa dwe pran bagay nan men etranje.
- Si moun enkoni vin apwoche elèv yo epi yo toujou bò kote lekòl la, yo dwe ankouraje elèv yo pou retounen lekòl la epienfòme imedyatman yon estaf .
- Yo dwe akonpaye jèn elèv yo pou ale ak soti lekòl.
- Yo ta dwe ankouraje elèv ki pi gran yo pou mache/ale lekòl an gwoup lè sa posib.

Pwofesè nan lekòl nou a pral raple tou enpòtans pou pa reponn moun enkoni ak lòt aksyon chak timoun ta dwe pran si yon enkoni apwoche yo, ki gen ladan repòte sa a bay adilt responsab.

Anplis, pandan ane lekòl la, nou ka resewva avi Depatman Polis Vil Nouyòk dapre Lwa Nouyòk sou anrejistreman agresè seksyèl (New York State Sex Offender Registration Act) ke yon agresè seksyèl anrejistre vin abite nan zòn kote lekòl la ye a. Yo pral kenbe kopi tout avi nou resewva yo pou paron nan Biwo Kowòdonatè paran ansannm avèk biwo \_\_\_\_\_. Ou ka jwenn tou enfòmasyon sou agresè seksyèl anrejistre nan sitwèb NYS Division of Criminal Justice Services website, ki nan [http://www.criminaljustice.ny.gov/SomsSUBDirectory/search\\_index.jsp](http://www.criminaljustice.ny.gov/SomsSUBDirectory/search_index.jsp) oswa nan telefòn

1-800-262-3257, oswa atravè souanyè nivo twa (gwo risk) agresè seksyèl anrejistre ke yo kenbe nan NYPD, One Police Plaza, Room 110 C, New York, New York. Ou ka ale nan nan sitwèb la atravè sitwèb Depatman Edikasyon, [www.nycenet.edu](http://www.nycenet.edu), nan paj prensipal Biwo Entèvansyon Lekòl ak Devlopman (Office of School Intervention and Development). Finalman, si lekòl nou an nan menm kòd postal kote agresè seksyèl la rete, nou pral bay kopi avi bay tout paran timoun nan lekòl nou an.

Pwosedi sa yo fè pati efò n ap kontinye fè pou bay yon anviwònman sennesòf pou tout timoun nan lekòl sa a.

Avèk senserite,

Direktè/Direktè Pwogram



Department of  
Education

Regleman Chanselye A-418 - Dokiman siplemantè No. 2 - Paj 1 nan 1

### **MODÈL LÈT**

Chè paran ak manm kominote P.S./I.S./J.H.S./H.S. \_\_\_\_\_ :

Lekòl nou a resevwa yon avi ki soti nan Depatman Polis Vil Nouyòk ki fè konnen gen yon "agresè seksyèl anrejistre" ki vin abite nan yon adrès ki nan kòd postal\_\_\_\_\_. Objektif avi a se enfòme kominote ki gen popilasyon vilnerab sou prezans yon moun ki reprezante yon danje potansyèl. Kòm direktè lekòl sa a, mwén rapòte enfòmasyon sa a bay manm estaf lekòl apwopriye a nan lèt sa pou chèche enfòme w.

Lekòl nou a pral pran enfòmasyon konsènan agresè seksyèl sa a nan dosye nan biwo \_\_\_\_\_ ansanm avèk Biwo Kowòdonatè paran an. Anplis, enfòmasyon konsènan agresè seksyèl yo disponib nan sitwèb NYS Division of Criminal Justice Services, ki nan [http://www.criminaljustice.ny.gov/SomsSUBDirectory/search\\_index.jsp](http://www.criminaljustice.ny.gov/SomsSUBDirectory/search_index.jsp) oswa telephone 1-800-262-3257, oswa atravè souanyè nivo twa (gwo risk) agresè seksyèl ki anrejistre nan NYPD, One Police Plaza, Room 110 C, New York, New York. Ou ka ale nan sitwèb la atravè sitwèb Depatman Edikasyon, [www.nycenet.edu](http://www.nycenet.edu), nan paj prensipal Biwo Entèvansyon Lekòl ak Devlopman (Office of School Intervention and Development).

W ap jwenn yon kopi foto agresè seksyèl ki anrejistre sa a. Yo pral ranfòse pwosedi sekirite nan lekòl yo konsiderableman, tankou pwosedi kontwòl vizitè.

Pwofesè nan lekòl nou yo ap ranfòse avèk elèv nou yo enpòtans pou pa pale ak moun enkoni epi aksyon chak timoun ta dwe fè si yon moun enkoni apwoche l, tankou rapòte l bay adilt responsab. Mwen ta mande chak moun pale sou pwoblèm sa yo avèk tout timoun lakay yo. Se pa entansyon nou pou panike timoun yo, men pou ede yo devlope kapasite pou pi byen pwoteje tèt yo kont yon danje potansyèl nan pale avèk yon moun enkoni oswa soti avèk yon moun enkoni..

Pwosedi sa yo fè pati efò kontini pou bay yon anviwònman sennesòf pou tout timoun nan lekòl sa a.

Avèk senserite,

Direktè/Direktè Pwogram

Enc.